



South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund

c/o National Employee Benefits Administrators, Inc.

2010 N.W. 150th Avenue, Suite 200 • Pembroke Pines, FL 33028

(800) 842-589 • (954) 266-6322 • Faks (954) 266-2079



Dat: 13 Mas 2023
Pou: Tout Anplwaye ki Kalifye
Soti nan: Konsèy Administrasyon an
Re: South Florida Hotel and Culinary Employees Welfare Fund – Peryòd Enskripsyon

Pandan mwa **17 avril - 1ye jen 2023**, Kès Asistans Sosyal Anplwaye Otèl ak Kuizin nan Sid Florida gen pwosesis enskripsyon ki louvri pou avantaj plan UnitedHealthcare Kès la ofri. Tout patisipan ki kalifye ka enskri pou avantaj, fè chanjman, enskri depandan, retire depandan, oubyen renonse a avantaj pandan tan sa a.

SI W AP PATISIPE NAN PLAN AN KOUNYE A EPI OU PA FÈ OKENN CHANJMAN, PA GEN OKENN BAGAY OU OBLIJE FÈ BÒKOTE PA W POU KOUNYE A.

Si ou vle fè chanjman nan pwoteksyon ou, oswa depandan ou te enskri, **yo pral pèmèt ou fè sa pandan peryòd enskripsyon louvri ki se 17 avril 2023 – 1ye jen, 2023.** Ou ka enskri sou entènèt ak / oswa deziyen yon Doktè Premye Swen (PCP) lè ou vizite sit entènèt sa a:

<https://www.nebainc.com/unitehere/>

Si ou prefere, ou ka rele tou 1-800-842-5899 oswa voye yon imèl nan uhenrollment@secure.neba-fl.com epi mande yon aplikasyon sou papye. Tanpri fè ou konnen prèz estati depandan ap obligatwa pou tout depandan ki enskri yo.

Ou pral oblije bay kopi dokiman sa yo si ou vle enskri nenpòt depandan nouvo:

MARIJOU:

- Kat Sekirite Sosyal
- Sètifika Maryaj

ASOSYE DOMESTIK:

- Kat Sekirite Sosyal
- Fom Patenarya Domestik

DEPANDAN:

- Kat Sekirite Sosyal
- Batistè
- Dokiman Adopsyon Legal
- Papye tribinal ki sètifye depandans

Si w ap enskri nouvo depandan, dokiman sa yo dwe soumèt bay Direktè Administratif Kès la, NEBA, sinon ou p ap ka ajoute nouvo depandan w yo nan plan an. Enfòmasyon sa yo ka bay atravè Upload sekirite - <https://www.nebainc.com/unitehereupload/> oswa poste osinon fakse yo nan: NEBA, Inc., 2010 N.W. 150th Avenue, Suite 200 | Pembroke Pines, FL 33028, Faks: (954) 266-2079 1ye jen 2023.

Posiblite pou Enskripsyon Espesyal

Manm ki kalifye pou enskri nan plan sante a men ki chwazi pou pa fè sa, oswa ki chwazi pou pa enskri kèk nan depandan yo, dabitid oblije rete tann jouk yon Peryòd Enskripsyon pou fè chanjman. Men, ou gendwa pa oblije rete tann jouk Peryòd Enskripsyon an pou fè chanjman, nan sikonstans sa yo:

Si ou gen yon nouvo depandan akòz maryaj, nesans, adopsyon, oswa plasman pou adopsyon, ou gendwa kapab enskri tèt ou ansanm ak depandan ou yo. Men, ou dwe mande enskripsyon an 30 jou apre maryaj la, nesans lan, adopsyon an, oswa plasman pou adopsyon an. Si oumenm, oswa depandan ou (ankontan mari/madanm ou) vin kalifye pou yon sibvansyon asistans prim Medicaid onivo Eta oubyen nan yon pwogram asirans sante timoun onivo Eta konsènan pwoteksyon anba plan sa a, ou ka anmezi pou enskri tèt ou ansanm ak depandan ou yo nan plan sa a. Men, ou dwe mande enskripsyon an nan lespas 60 jou apre desizyon kalifikasyon pou oumenm oswa pou depandan ou yo pou asistans sa. Si w ap refize enskripsyon an pou tèt pa ou oswa pou depandan ou (ankontan mari/madanm ou) akòz lòt asirans sante oswa plan asirans sante gwoup, ou ka anmezi pou enskri tèt ou ak depandan ou nan plan an si oumenm oswa depandan ou pèdi kalifikasyon nan lòt plan asirans la (oswa si anplwayè a sispann kontribye nan lòt plan asirans ou an oswa pa depandan w yo). Men, ou dwe mande enskripsyon an nan lespas 30 jou apre lòt plan asirans ou an oswa pa depandan w yo fini (oswa apre anplwayè a sispann kontribye nan lòt plan asirans lan).

Si ou refize enskripsyon pou tèt ou oswa pou yon depandan ki kalifye (ankontan mari/madanm ou) pandan plan asirans Medicaid oswa pwoteksyon asirans nan yon pwogram asirans sante pou timoun onivo Eta anvigè, ou ka anmezi pou enskri tèt ou ak depandan w nan plan an sizoka oumenm oswa depandan w yo pèdi kalifikasyon pou lòt plan asirans sa. Men, ou dwe fè demann enskripsyon an nan lespas 60 jou apre plan asirans ou an oswa pa depandan w yo fini nan Medicaid oswa pwogram asirans sante pou timoun onivo Eta a. Pou w jwenn plis enfòmasyon, kontakte Biwo Kès la nan 1-800-842-5899.